

## **BAB V**

### **KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI**

#### **5.1 Kacindekan**

Dumasar kana hasil tina panalungtikan ngeunaan antropolinguistik dina toponimi Kabupatén Subang kapaluruh sababaraha hal, sarta bisa dicindekkeun yén toponimi anu aya di Kabupatén Subang umumna didominasi ku aspék fisik. Ieu hal kapaluruh tina persentase tina pangaruh aspék fisik anu nepi 76% batan aspék non-fisikal anu ngan 24%. Sabada dipaluruh, gedena aspék fisik tina toponimi Kabupatén Subang téh lantaran loba kapangaruhan ku talajak alam Subang jaman harita anu beunghar, boh ku flora, boh ku hidrologis. Lian ti éta pamilih ngaran dumasar aspék fisik ogé dipilih lantaran bisa ngagambarkeun désa atawa luyu kana kondisi fisik alam harita.

Pola ngaran anu dipaké dina toponimi Kabupatén Subang téh didominasi ku pola barung anu persentasena 74%, sedengkeun toponimi anu ngagunakeun pola linéar aya 26%. Pola barung loba dipaké lantaran bisa ngagambarkeun daérah atawa ngaran tempat leuwih spésifik. Sanajan kitu pola ngaran barung ogé biasana kapangaruhan ku talajak alam, atawa unsur sosio-kultural saperti harepan. Ieu hal saluyu jeung pola barung anu ngahijikeun dua unsur. Sedengkeun pola linéar téh dipake lantaran geus nyumponan kana gambaran hiji tempat.

Sacara asal-usul, kapaluruh yén tiap kecamatan di Subang ngabogaan ciri sewang-sewang. Lian ti éta sacara asal-usul ilaharna ngaran hiji tempat téh dicokot tina kondisi alam (katelah), saupama ditilik tina waktu munculna ngaran ogé aya loba rupana, saperti Kecamatan Subang anu munculna di jaman Walanda, Kecamatan Pusakanagara anu munculna di jaman Karaajaan Mataram. Lobana ciri khas dina toponimi Kabupatén Subang téh lantaran pangaruh sosio-kultural tiap daérahna anu béda-béda.

Sedengkeun dumasar kana tilu parameter antropolinguistik kapaluruh yén aya 83% atawa 38 désa anu kapaluruh sacara hubungan, aspék hubungan di Kabupatén Subang hususna sacara toponimi raket patalina jeung simbol anu ngagambarkeun désa. Masarakat sacara umumna ngagunakeun simbol dina wangun fisik saperti

talajak alam anu aya di sabudeureunana. Lian ti éta aspék hubungan ogé bisa ngawakilan kondisi jaman harita, sarta bisa ngagambarkeun kondisi alam ngaliwatan talajak alam anu dicokot jadi ngaran. Tuluy aya 54% atawa 23 désa anu kapaluruh aspék ajénna. Dina aspék ieu ngagambarkeun ma'na sarta harepan masarakat Subang anu digambarkeun ngaliwatan ngaran tempat. Ajén ogé raket patalina jeung fungsi tina ngaran tempat atawa toponimi salaku idéntitas désa sarta harepan masarakat. Sedengkeun anu tarahir aya 33% atawa 14 désa anu kapaluruh aspék Kasinambunganna. Leutikna persentase tina aspék Kasinambungan lantaran loba objék fisik anu aya patalina jeung toponimi téh geus ruksak jeung leungit. Leungitna objék ieu ogé mangaruhan kana prosés ngawariskeun sajarah, antukna pawarisan sajarah jadi leuwih hésé lantaran euweuh objék fisikna (*mnemonic device*).

## 5.2 Implikasi

Hasil tina ieu panalungtikan, pikeun masarakat umum bisa dipake pikeun ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan toponimi anu aya di tatar Sunda, salasahijina toponimi anu aya di Kabupatén Subang. Pikeun pamaréntah hasil tina panalungtikan ieu jadi data invéntaris ngeunaan toponimi, lian ti éta nu nalungtik ogé. Lian ti éta hasil tina panalungtikan ieu ogé bisa dijadikeun tatapakan pikeun nyieun panalungtikan sarupa satuluyna.

## 5.3 Rékoméndasi

Dumasar hasil panalungtikan, masih kénéh aya pasualan-pasualan ngeunaan antropolinguistik dina toponimi Kabupatén Subang anu can kaguar ku panalungtik. Ku kituna, dipiharep sangkan aya panalungtikan satuluyna pikeun ngaguar pasualan-pasualan anu can kungsi dipedar dina ieu panalungtikan. Pikeun pihak-pihak anu patali jeung widang kabudayaan saperti Dinas Pariwisata dan Kebudayaan Kabupatén Subang sangkan ngarojong kana panalungtikan, jeung invéntarisir data sajarah, sarta data toponimi anu aya di Kabupatén Subang, sangkan masarakat bisa wanoh kana sajarah tempatna sewang-sewang. Pikeun masarakat umum, dipiharep sangkan maluruh ngeunaan data sajarah sarta aspék toponimi anu aya di daérahna sewang-sewang, sarta ulah nepi ka mopohokeun kana budaya sorangan.